

Icemezo n'igisabisho vyo kwihakana imivumo no kuyivamwo

Ndatuye ivyaha vy'abo namukako, ivy'abavyeyi banje n'ivyanje nyene bijanye no kuvuma abandi mw'izina rya isilamu.

Mpitemwo guha imbabazi, kurekurira no kubohora abo namukako, data, aba imamu babakwegeye hamwe nanje nyene muri iyo mivumo, n'abandi bose bambereye inyosha mbi ngo nkore ico caha, no ku ngaruka mbi ku bugingo bwanje.

Mpitemwo guharira abo bose bamvumye n'abavumye umuryango wanjye.

Ndituye ku kigongwe cawe, Mwami, kubona naragiye mu bikorwa vyo kuvuma abandi kandi nkabigiramwo uruhare.

Ubu, ndaronse kandi ndakiriye imbabazi zawe.

Nishimikije imbabazi zawe, Mwami, mpitemwo kwiharira jewe nyene kuri aho hose navumye abandi.

Ndahakanye ikigabitanyo co kuvuma abandi, hamwe n'imivumo yose yoba yaturutse kuri ico caha.

Ndahakanye ukwanka abandi, kandi ndavavanuye na vyo.

Ndahakanye ibishobisho vy'ikirenga bijanye no kugira uruhara mu mitongero yo kuvuma abandi.

Ndasambuye ubwo bubasha ku bugingo bwanje (no ku bugingo bw'abanyamukako / abazonyamukako) nciye ku gikorwa c'urukiza ca Kristo ku musaraba.

Ndagutakambiye, Mwami, usambure imivumo yose nagizemwo uruhara, wongere uhezagire abo navumye, ubahunde imihezagiro yose y'Ubwami bw'Imana.

Mw'izina rya Yesu, ndahakanye kandi ndasambuye imivumo yose nagiriwe.

Ndanse kandi ndahakanye abadayimoni bose b'urwanko n'imicumo, kandi ndabategetse kumvamwo ubu nyene, mw'izina rya Yesu.

Ndaronse kandi ndakiriye umwidegemvyo w'Imana ku mivumo yose yagiriwe jewe n'umuryango wanjye. Ndakiriye amahoro, ubwiza n'ubukuru vyo guhezagira abandi.

Umunwa wanjye ndaweguriye ukuvuga amajambo y'amashemezo n'imihezagiro imisi yose y'ubugingo bwanje.

Mw'izina rya Yesu, ndatuye imihezagiro itagabaniye y'Ubwami bw'Imana kuri jewe no ku muryango wanjye, irimwo ubuzima, amagara meza n'umunezero.

Ndatuye (ndigaye) kandi ndahakanye imigenderanire n'ubufatane bw'imitima vyose biteye kubiri n'Imana, hamwe n'ukuyoboka aba imamu n'abandi bakuru b'aba isilamu banjanye mu mitongero y'imigirwa y'idini rya isilamu.

Ndahariye abo bakuru ku ruhara bagize mu gushiraho no kuvomera ubufatane bwanje bw'imitima buteye kubiri n'Imana.

Ndihariye ku ruhara nagize mu kuvomera ubwo bwifatanye bw'imitima buteye kubiri n'Imana n'aba isilamu bose nemeye nkabayoboka.

Ndagusavye, Mwami, umparire ku caha cose nakoze kijanye no gushiraho no kuvomera ubu bufatanye bw'imitima, na cane cane ivyaha vyo kuvuma abandi no kwanka abandi.

Ubu ndasambuye ubufatanye bw'imitima n'ubuyobokeye bwose ku bakuru b'aba isilamu [na cane cane ni ukuvuga amazina abo woba ushoboye kwibuka] kandi ndigobotoye kuri bo (canke muvuge izina) na [canke muvuge izina], ndabavuyeko.

Mwami, ndagutakambiye urtyorore umutima wanjye ivyo noba nibuka vyose bijanye n'imigenderanire iteye kubiri n'Imana, kugira ngo ngire umwidegemvyo wo kukwiyegurira.

Ndahakanye kandi ndafuse ibikorwa vy'abadayimoni bose barondera kugumizaho ubu bwifatanye bw'imitima buteye kubiri n'Imana, kandi ndabategetse kumvako ubu nyene, mw'izina rya Yesu.

Ndiyegetse kuri Kristo Yesu kandi ni We wenyene musa mpisemwo gukurikira.

Amina.